Saytaane naagu na ci jullikat yi jaamu ko ci goxi araab yi, waaye ci jaxase seen diggante

Jële nañu ci Jaabir yal na ko Yàlla dollee gërëm mu wax ne: dégg naa Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc mu wax ne: «Saytaane naagu na ci jullikat yi jaamu ko ci goxi araab yi, waaye ci jaxase seen diggante».

[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc day xibaare ne Ibliis naagu na ci way-gëm yiy julli ñuy dellu di ko jaamu ak di sujjóotal ay xërëm ci goxi araab yi, waaye du deñ di ko xemmem, te pasteefam ak coonoom ak jëfam ak doxam deñul di nekk ci jaxase seen diggante ci ay xuloo ak bañante ak xeex ak fitna ak yu ko niru.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/8886